# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रदेस विधानसभा बजट सत्र के पचवां दिन्ने आजु प्रस्नकाल के दौरान बेरोजगारन के रोजिगार, आउटसोर्सिंग आ नोकरी में आरक्षण क मुद्दा उठल। सथहीं कुछु सदस्य बिजुली आ सड़कि हादसा में हो रहलि मउतियो क मामिला उठवलें। समाजवादी पारटी के सदस्य अनिल प्रधान के सवाल पर परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह ड्राइविंग लाइसेंस क पूरक प्रक्रिया अउर ओकरे खातिर तय सुल्क के बारे में सदन में जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि लाइसेंस खातिर कम से कम अठारह सालि क उमिरि तय बा। एगो अउरियो सवाल के जबाब में उहां के कहलीं कि सड़कि दुरघटना के प्रमुख कारण में हाई स्पीड सामिल हौ, जेके रोके खातिर सरकार कैमरा के साथे अउरिया जरूरी इंतिजाम कइले हौ।

**********

स्वास्थ्य मंत्री जे. पी. नड्डा कहले हवें कि देस में कोडीन वाला कफ सिरप पियले से केहू के मउति क कउनों घटना सामने नाहीं आइल बा। आजु लोकसभा में प्रस्नकाल के दौरान श्री नड्डा कहलें कि जब्बे कउनों दवाई से जुड़ल मउति क मामिला सामने आवे ला, त सरकार जुरते जांचि क आदेस देवे ला। उहां के कहलीं कि दवाई, सुरक्षा तय करे खातिर एगो सुस्थापित नियामक प्रक्रिया लागू हवे, जेकर सरकार कड़ाई से पालन कइ रहलि बा।

***कई बार ऐसा होता है कि ड्रग जो होता है वो है वो सब स्टैंडर्ड पर होता है। कई बार डिसदूलेबल्ड होता है और कई बार वो ड्रग ह्यूमन कंजम्पशन के लिए उपयुक्त नहीं होता। जब वो उपयुक्त नहीं होता है तो उसको हम रिकॉल करते हैं। इसका प्रोसिजर दिया गया है और उस प्रोसिजर को हम फॉलो करते हैं।***

**********

आजु विश्व रेडियो दिवस हवे। लोगिन में रेडियो के महातम के प्रति जागरूकता बढ़ावे अउर रेडियो के जरिया से सूचना पावे बदे प्रोत्साहन देवे खातिर हर सालि तेरह फरौरी के विश्व रेडियो दिवस मनावल जाला।

येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देसवासियन के सुभकामना दिहले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि ई दिवस रेडियो से जुड़ल लोगिन के कोसिस के सम्मान दिहले क मौका हौ। सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल मुरुगन रेडियो के महत्वपूर्ण भूमिका क जिकिरि करत अपने बचपन के दिन के यादि कइलें।

***हम सब रेडियो दिवस मना रहे हैं। श्रोता रेडियो स्टेशनों को पोस्टकार्ड लिखा करते थे। वे अपनी राय देने और रेडियो स्टेशनों से जुड़ने के लिए पत्र भेजते, ताकि वे अपनी पसंद के कार्यक्रम या गीत सुन सकें। चाहे वह शास्त्रीय संगीत हो, लोकगीत हो या फिल्मी गाने, लोग अपनी पसंद बताने के लिए रेडियो का सहारा लेते थे।***

ओही, प्रदेस के अमरोहा जिला के गजरौला के गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रेकार्ड्स में दरज 'मन की बात' रेडियो संग्रहालय क संस्थापक राम सिंह बौद्ध कहलें कि रेडियो अजुओ सूचना, सिक्षा अउर मनोरंजन क मजबूत जरिया हौ। कम संसाधन वाले ग्रामीण इलाकन से ले के महानगरन तक ले, रेडियो दसकन से भरोसेमंद अउर समयबद्ध सनेसा पहुंचवले में खास भूमिका निभवले हौ।

उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क 'मन की बात' कार्यक्रम येही जरिया से देसवासियन से सोझै संवाद बना के राष्ट्र निरमाण के भावना के मजबूत कइ रहल हवे।

***विश्व रेडियो दिवस के अवसर पर मैं सभी श्रोताओं को शुभाकामनाएं देता हूं। जैसे कि आप सभी को पता है रेडियो हमारे जीवन का बहुत महत्वपूर्ण अभिन्न अंग रहा हैं इसने सूचना संचार विज्ञान के लिए मानव जीवन का बहुत साथ दिया है क्योकि उस समय ये रेडियो अपने समय मे दूरसंचार ज्ञान का मनोरंजन का विज्ञान  का सबका जो है बहुत महत्वपूर्ण साथी रहा है और रेडियो जन जन तक सूचनायें सही सूचनायें पहुचानें में सूलभ संसाधन रहा है।***

**********

महाशिवरात्रि के पावन मौका पर श्री काशी विश्वनाथ मंदिर न्यास की ओरि से एगो नया आध्यात्मिक परम्परा क सुरूआति कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***इस पहल के तहत देश के प्रमुख तीर्थस्थलों से भगवान श्री विश्वेश्वर महादेव के लिए भेंट अर्पित की जा रही है। इसी क्रम में श्री सिद्धिविनायक मंदिर, मुंबई द्वारा फल, पुष्प और पूजन सामग्री काशी विश्वनाथ धाम भेजी गई है। मंदिर न्यास ने इस पावन भेंट को विधि–विधान से स्वीकार करते हुए भगवान श्री विश्वेश्वर की ओर से श्री सिद्धिविनायक मंदिर को प्रति–उपहार भी श्रद्धापूर्वक प्रेषित किया है। यह पहल भगवान शिव और भगवान श्री गणेश के दिव्य पिता–पुत्र संबंध का प्रतीक मानी जा रही है। साथ ही, इससे काशी और मुंबई के प्रमुख तीर्थस्थलों के बीच आध्यात्मिक एकता और सहयोग की भावना और मजबूत हुई है। मंदिर न्यास ने इस अवसर पर सभी श्रद्धालुओं को महाशिवरात्रि की हार्दिक शुभकामनाएँ दी हैं। मनीष सिंह की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से अरूण।***

**********

उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु भदोही के सुरियावा सामुदायिक स्वास्थ्य केन्द्र क निरीक्षण कइ के ओइजा क व्यवस्था जंचलें अउर अस्पताल के बिल्डिंग क मरम्मति करवले क निरदेस दिहलें। निरीक्षण के दौरान उहां के मरीजन अउर उनके तीमारदारन से बतिया के उनकर समेस्या सुनलीं अउर चिकित्सकन के निरदेस दिहलीं कि हर मरीज के बढ़ियां इलाज दीहल जाय।

**********